

Depatman Travay ak Sèvis Familyal nan Ohio (Ohio Department of Job and Family Services)

APLIKASYON POU PWOGRAM ASISTANS NITRISYON SIPLEMANTÈ (SUPPLEMENTAL NUTRITION ASSISTANCE PROGRAM, SNAP), ASISTANS LAJAN KACH, ASISTANS MEDIKAL OSWA ASISTANS GADRI POU TIMOUN

E si mwen bezwen èd pou ranpli fòmilè sa a?

- **Si anglè se pa premye lang ou**, mande Depatman Konte pou Travay ak Sèvis Familyal (biwo JFS konte) pou ba w yon moun (yon entèprèt) ki kapab ede w konprann kesyon ki nan fòmilè sa a.
- **Si w pa wè byen oswa tande byen**, biwo JFS konte a ap ede w ranpli fòmilè sa a ansanm ak entèvyou a.

Kijan m ap jwenn èd?

1. Soumèt yon aplikasyon. Ou ka **APLIKE SOU ENTÈNÈT** sou <https://ssp.benefits.ohio.gov> oswa ranpli papyè aplikasyon sa a. Voye papyè aplikasyon an bay biwo JFS nan konte lokal ou a. Pou chèche biwo konte w la, ale sou http://jfs.ohio.gov/County/County_Directory.pdf.

2. Pase yon entèvyou. W ap gen yon entèvyou sèlman si w aplike pou prestasyon SNAP oswa lajan kach. Y ap voye yon avi pou ou sou dat ak lè entèvyou w la. Li pa nesesè pou w pase entèvyou pou gen asistans medikal oswa gadri pou timoun.

3. Bay verifikasyon. Biwo JFS konte w la ap di w ki verifikasyon li bezwen nan men w.

TANPRI LI ANBA A POU W JWENN PLIS SOU TIMOUN KI BEZWEN ENFÒMASYON SOU PWOSIS APLIKASYON AN.

Kijan pou m ranpli aplikasyon sa a?

- Nan kesyon #2 nan aplikasyon an, koche ti bwat la pou w di nou pou ki pwogram ou vle aplike. Ou ka koche tout ti bwat yo.
- Reponn plis kesyon ou kapab nan aplikasyon an. Ou ka jis ranpli l ak non w, adrès ak siyati w epi bay li nan biwo JFS konte lokal ou a. Sa ap kòmanse pwosesis aplikasyon an.

Si w bezwen SNAP touswit, reponn kesyon ki nan seksyon 7 aplikasyon an. Ou ka kalifye pou w jwenn SNAP pi vit.

- Ou gen dwa pou w aplike pou asistans jou ou kontakte biwo JFS konte lokal ou a.
- Ou ka chwazi yon moun ki pou aplike pou asistans pou ou. Yo rele moun sa a yon Reprizantan Otorize. W ap gen pou di nou alekri kiyès ou vle ki pou Reprizantan Otorize w. Si w se yon Reprizantan Otorize, reponn kesyon ki nan aplikasyon sa a ki gen rapò ak moun w ap aplike pou li a.
- Si nenpòt enfòmasyon ta chanje aprè w fin soumèt aplikasyon sa a, kontakte biwo JFS konte w la epi enfòme yo sou chanjman yo.

Kijan m ka fè entèvyou pou asistans SNAP oswa lajan kach la? Ou p ap pase entèvyou pou asistans medikal oswa asistans pou gadri timoun.

- Biwo JFS konte a ap ba ou avi sou dat ak lè entèvyou w la. Entèvyou w la ap fèt nan telefòn. Si w vle yon entèvyou an pèsòn oswa yon vizit lakay pou w fè entèvyou w la, rele biwo JFS konte w la epi di yo sa.
- Tanpri li avi entèvyou w la ak atansyon - l ap di w si w bezwen rele biwo JFS konte w la oswa si y ap rele w.
- Si w rate entèvyou w la, kontakte biwo JFS konte w la pi rapid posib. Si w pa kontakte biwo JFS konte a nan 30 jou ki vini aprè dat ou te soumèt aplikasyon sa a, nou ka refize ba ou asistans la epi w ap gen pou w aplike ankò.
- **Pou gadri pou timoun sèlman:** Si nou refize aplikasyon w lan, ou ka responsab pou w peye nenpòt founisè pou gadri pou timoun ou te itilize depi lè w te soumèt aplikasyon w lan.

-- Tanpri kenbe paj sa pou achiv ou. --

Ki tipverifikasyon mwen bezwen?

- N ap di w si nou bezwen plis enfòmasyon. N ap voye yon avi pou ou pa lapòs. Avi a ap di w kisa ou bezwen bay nan biwo JFS konte w la. Nou kapab mande w pou bagay tankou souch pèman, fakti sèvis piblik oswa relve bankè. Gade tablo pi ba a. Ou ka voye verifikasyon pou aplikasyon sa a.
- Asire w ou voye nenpòt enfòmasyon ki nesèsè nan dat ki prevwa pou sa. Nou ka refize aplikasyon w lan si w pa bay tout enfòmasyon nou mande yo.
- Si w pa gen kèk nan enfòmasyon nou mande yo, kontakte biwo JFS konte w la.** Nou petèt kapab ede w jwenn li oswa di w lòt fason ou ka fè nou jwenn enfòmasyon nou bezwen an.
- Si w pa yon sitwayen Etazini epi ou sèlman ap aplike pou asistans pou sitwayen Etazini oswa asistans pou ijans medikal, ou pa oblije verifye estati sitwayèn w, estati migratwa w oswa bay yon nimewo sekirite sosyal.

Men kèk verifikasyon nou ka bezwen nan men w:

	Lajan kach Asistans	SNAP	Gadri pou Timoun Asistans	Asistans Medikal Fanmi ak timoun	Asistans Medikal Aje, avèg oswa andikape
Nimewo Sekirite Sosyal ou oswa prèv ou te aplike pou youn.	✓	✓		✓	✓
Kat Rezidans Pèmanan ("kat vèt", "green card") oswa lòt dokiman imigrasyon si w pa yon sitwayen Ameriken	✓	✓		✓	✓
Prèv sitwayènnte Etazini*	✓		✓	✓	✓
Prèv revni oswa lòt kòb ki vini nan fwaye w (tankou fich pèman, dosye taks, lèt rekonpans, pansyon alimantè pou timoun)	✓	✓	✓	✓	✓
Relve bankè ki pi resan pou nenpòt kont bankè (tankou kouran oswa epay)	✓				✓
Prèv ki montre ou gen veyikil (tankou machin, kamyon, motosiklèt, bato oswa RV)					✓
Prèv valè aktyèl aksyon/obligasyon, sètifika depo, asirans vi, fon fidisyè, vèsman anyèl	✓				✓
Prèv idantite (tankou yon lisans chofè, kat idantite leta bay oswa paspò)	✓	✓			
Prèv nenpòt depans gadri pou timoun/moun ki sou kont ou	✓	*		✓	
Prèv nenpòt pansyon alimantè ou peye pou timoun ki p ap viv avè w	✓	*	✓	✓	✓
Prèv nenpòt frè lojman ak depans sèvis piblik		*			✓
Prèv nenpòt frè medikal pou moun ki andikape oswa pou moun ki gen plis pase 60 lane (preskripsyon ladann tou)		*			✓
Prèv nenpòt asirans sante				✓	✓
Verifikasyon yon aktivite ki reponn ak nòm yo pou tout moun k ap pran swen fwaye a (tankou yon orè lekòl oswa travay, kontra otosifzans)			✓		
Non ak adrès yon founisè gadri pou timoun ki elijib pou chak timoun ki bezwen swen.			✓		

* Lè w ap aplike pou asistans pou gadri pou timoun, yo verifye sitwayènnte timoun ki bezwen swen an sèlman.

* Kantite SNAP ou a ka ogmante si w verifye frè sa yo.

Kilè m ap konnen si m elijib pou asistans?

Asistans lajan kach, SNAP, ak gadri pou timoun: N ap detèmine si w kalifye pou pwogram sa yo nan 30 jou apati dat ou te soumèt aplikasyon w lan. Si w elijib, nou ka apwouve prestasyon w yo apati dat ou te soumèt aplikasyon w lan.

Asistans Medikal: N ap detèmine si w kalifye pou asistans medikal nan 45 jou apati dat ou te soumèt aplikasyon w lan. Si w di ou se yon andikap, nou ka fè yon evalyasyon andikap. Pwosesis sa a ap pran jiska 90 jou. Si w elijib, nou ka apwouve prestasyon w yo apati dat ou te soumèt aplikasyon w lan. Si w gen fakti frè medikal depi 3 mwa anvan ou te aplike a, di biwo JFS konte w la sa. Ou ka jwenn asistans medikal pou 3 mwa sa yo.

Eske mwen sipoze yon sitwayen Etazini pou mwen jwenn asistans?

Anpil moun ki pa sitwayen ka resevwa SNAP, asistans lajan kach, asistans medikal ak asistans gadri pou timoun. Epitou, asistans pou ijans medikal ka disponib san konsidere estati sitwayèn Ameriken ou.

Ki lòt sèvis ki ka disponib?

Ou ka elijib pou w resevwa lòt sèvis tankou:

- Sèvis Prevansyon, Retansyon ak Kontenjans (Prevention Retention and Contingency, PCR)
- sèvis entèvansyon prekòs
- konpetans pwofesyonèl
- èd pou jwenn yon travay

Li ka nesesè pou gen yon aplikasyon apa pou sèvis sa yo. Mande biwo JFS konte w la enfòmasyon sou sèvis sa yo.

Kisa Step Up To Quality ye?

Step Up To Quality se sistèm nan Ohio pou evalye kalite pwogram gadri pou timoun. Yo bay etwal kalifikasyon sou baz aplikasyon pwogram estanda ki ale pi lwen pase minimòm estanda sante ak sekirite. Pou plis enfòmasyon, ale sou sitwèb gadri pou timoun ODJFS la nan <http://jfs.ohio.gov/cdc/index.stm> epi klike sou "Step Up To Quality."

Kijan pou m chwazi yon founisè gadri pou timoun?

- Moun k ap pran swen timoun yo ka chwazi nenpòt pwogram ki apwouve pou bay sèvis gadri leta finanse. Pwogram sa yo ka gen ladan yo sant, fwaye gadri pou timoun familyal, kan lajounen ki apwouve ak èd nan kay ki nan eta Ohio a.
 - Si w bezwen èd pou w chwazi yon founisè, ou ka kontakte Ajans Resous ak Oryantasyon pou Gadri pou Timoun nan zòn ou an. Ale sou <http://jfs.ohio.gov/cdc/families.stm> pou enfòmasyon kontak yo.
 - Ou ka itilize Repètwa Gadri pou Timoun nou an nan <http://childcaresearch.ohio.gov> pou w chèche pwogram ki reponn ak bezwen timoun ou an. Repètwa a pèmèt ou chèche apati zòn, tip pwogram ak evalyasyon Step Up To Quality. Enspeksyon sou lisans ak plent ki fonde yo disponib pou konsiltasyon.
-

E si timoun mwen an gen yon andikap oswa mwen sispèk timoun mwen an ka gen yon reta nan devlopman li?

Pou plis enfòmasyon sou sèvis adisyonèl pou timoun ou an, tanpri ale sou sitwèb gadri pou timoun Ohio Department of Job and Family Services la nan <http://jfs.ohio.gov/CDC/childcare.stm> epi klike sou "Families." Si w gen yon timoun ki bezwen swen ak yon bezwen espesyal ou ka rive verifye, ou ka gen plis revni mansyèl epi toujou kalifye pou gadri pou timoun. Mande biwo JFS konte w la.

Kijan pou m depoze yon plent kont yon Founisè Gadri pou Timoun?

Si w ta renmen depoze yon plent sou yon vyolasyon ou sispèk sou règ pou otorizasyon yo, ou ka rele Sèvis Asistans pou Politik Gadri pou Timoun nan 1-877-302-2347, opsyon 4.

– Tanpri kenbe paj sa pou achiv ou. –

-- YO KITE PAJ SA A BLANCH ENTANSYONÈLMAN. –

APLIKASYON POUSNAP, ASISTANS LAJAN KACH, ASISTANS MEDIKAL OSWA GADRI POU TIMOUN**1. APLIKASYON POU ENSKRIPSYON POU VOTE ATACHE LA A - ASISTANS DISPONIB**

Si w pa enskri pou w vote kote w ap viv kounya, èske ou ta renmen aplike pou w enskri pou w vote la a jodi a?

☐ WI , Mwen vle enskri pou m vote. ☐ NON, mwen pa vle enskri pou m vote.

Si w pa koche okenn nan ti bwat yo, y ap konsidere ou pa t deside enskri pou w vote fwa sa. Aplike pou enskri oswa refize enskri pou vote p ap afekte kantite asistans ajans sa a ap ba ou a.

2. KOCHÉ TI BWAT LA POU CHAK PWOGRAM OU TA RENMEN APLIKE YO. Si w pa koche okenn ti bwat, n ap sèlman revize elijibilite w pou SNAP.

☐ SNAP	☐ Asistans Medikal	☐ Asistans Gadri pou Timoun	☐ Asistans Lajan kach pou fanmi ki gen timoun minè oswa fanm ki gen pou pi piti 6 mwa ansent oswa pou refijye pandan 12 mwa apati lè yo rive a
-------------------------------	---	--	---

3. Pale nou de ou Si w se yon Reprezantan Otorize, mete enfòmasyon sou moun w ap aplike pou li a.

Non	Inisyal dezyèm non
-----	--------------------

Siyati

Eske w bezwen sèvis swivan sa yo? ☐ Avi ak Karaktè ki Gwo ☐ Entèprèt pou Lang Siy ☐ Entèprèt ☐ Lòt: _____	Ki lang prefere w? Pale: _____ Ekri: _____
--	---

Eske oumenm oswa nenpòt moun k ap viv avè w te janm resevwa SNAP, asistans lajan kach, asistans medikal oswa asistans gadri pou timoun?

☐ Wi ☐ Non

Si repons la se wi, kiyès: _____ Ki kote (Vil/Konte/Eta): _____

4. Di nou kijan nou ka kontakte w. Si w se yon Reprezantan Otorize, mete enfòmasyon sou moun w ap aplike pou li a.

Adrès Kay ☐ Koche la a si w pa gen kote pou w rete - tanpri ba nou yon adrès kote w ka resevwa kourye.

Vil	Konte	Eta	Kòd Postal
Nimewo Telefòn ()	Nimewo Telefòn Adisyonèl ()	Adrès Imèl	

Adrès kote w ka resevwa kourye (si l diferan):

Vil	Konte	Eta	Kòd Postal
-----	-------	-----	------------

5. Di nou si w se yon Reprezantan Otorize

Yon Reprezantan Otorize se yon moun ki ede yon aplikan nan pwosesis aplikasyon an. Si w ap ranpli fòmilè sa a antanke yon Reprezantan Otorize, tanpri ba nou enfòmasyon sa yo sou ou. Tanpri mete dokiman otorizasyon w lan nan aplikasyon sa a. Yo p ap liste w antanke yon reprezantan otorize jiskaske w bay dokiman an.

Non	Inisyal dezyèm non	Siyati
-----	--------------------	--------

Adrès Ri

Vil	Konte	Eta	Kòd Postal
-----	-------	-----	------------

Nimewo Telefòn ()		Nimewo Telefòn Adisyonèl ()		Adrès Imèl			
EskeReprezantan Otorize a bezwen nenpòt nan sèvis sa yo? ☐ Avi ak Karaktè ki Gwo ☐ Entèprèt pou Lang Siy ☐ Entèprèt ☐ Lòt: _____				Ki lang prefere w? Pale: _____ Ekri: _____			
6. Siyen la a							
Siyati Aplikan an oswa Reprezantan Otorize a				Non an Lèt detache		Dat	
PA BLIYE DI NOU POU KI PWOGRAM W AP APLIKE NAN KESYON 2 A							
7 Kesyon sa yo ap ede nou deside si w ka gen SNAP pi rapid.							
Konbyen moun ki ap viv ak ou epi ki achte, prepare ak pran repa ak ou? _____							
Reponn kesyon sa yo sèlman pou moun ki ap viv ak ou epi ki achte, prepare ak pran repa ak ou.							
Eske revni bri anvan taks mwa sa a mwens pase \$150?						☐ Wi	☐ Non
Eske total revni nèt ou aprè taks epi peye pou bagay tankou frè lwaye, frè gadri pou timoun/moun ki sou kont ou oswa pèman pansyon alimantè pou timoun pou mwa aktyèl la se zewo?						☐ Wi	☐ Non
Eske total resous ou an lajan kach, chèk ak kont epay ou mwens pase \$100?						☐ Wi	☐ Non
Eske lwaye mansyèl ou oswa frè ipotekè ak chaj (tankou gaz, elektrisite, dlo ak telefòn) plis pase total revni mansyèl bri w avan taks?						☐ Wi	☐ Non
Eske w se yon migran oswa yon travayè agrikòl pa sezon?						☐ Wi	☐ Non
8. Pale nou de moun ki lakay ou yo.							
Ou dwe endike tout moun k ap viv ak ou menmsi yo pa aplike. Tanpri asire w ou endike non w an premye. Si w bezwen plis espas, mete yon fèy papye separe. • Nimewo Sekirite Sosyal: Si w pa yon sitwayen Etazini epi ou sèlman ap aplike pou asistans pou yon sitwayen Etazini oswa asistans pou ijans medikal, ou pa oblije verifye estati sitwayèn w, estati migratwa w oswa bay yon nimewo sekirite sosyal. • Sèks (sèks moun lan idantifye tèt li a): Si fwaye w la aplike sèlman pou SNAP, ou pa oblije ranpli kesyon sèks (sèks moun lan idantifye tèt li a). • Sitwayen Ameriken: Ou sèlman gen pou w endike si yon moun se yon sitwayen Ameriken si l ap aplike pou SNAP, asistans lajan kach oswa asistans medikal, oswa yon timoun ki nan bezwen asistans gadri pou timoun. • Ras/Gwoup etnik: Tit VI nan Lwa sou Dwa Sivil 1964 la otorize nou mande enfòmasyon sou ras/gwoup etnik (Ispanik oswa Latino). Bay enfòmasyon sa yo volontè epi yo itilize yo sèlman ak objektif pou gen enfòmasyon. Si w pa vle ba nou enfòmasyon sa yo, sa p ap gen okenn efè sou ka w la.							
Non	Relasyon ak Ou (<i>madanm/mari, pitit, zanmi, elatriye</i>)	Nimewo Sekirite Sosyal	Dat Nesans	Sèks/Sèks moun lan idantifye tèt li <i>Ekri M oswa F</i>	Sitwayen Ameriken <i>Ekri W oswa N</i>	Ispanik oswa Latino <i>Ekri W oswa N</i>	Ras
	Oumenm						
Eske w marye? ☐ Wi ☐ Non Non mari/madanm: _____							
Eske oumenm, oswa nenpòt moun w ap aplike pou yo, ansent? W ap bezwen reponn sèlman si w ap aplike pou asistans lajan kach oswa medikal. ☐ Wi ☐ Non Si repons la se wi, kiyès epi ki dat l ap akouche? _____							
Eske oumenm oswa nenpòt moun w ap aplike pou li bezwen dispansasyon pou pa peye/swen alontèm oswa swen nan yon mezon retrèt? ☐ Wi ☐ Non Si repons la se wi, kiyès? _____							

Eske oumenm oswa nenpòt moun lakay ou ap pran swen yon moun ki andikape anndan oswa deyò kay la.

☐ Wi ☐ Non Si repons la se wi, kiyès? _____

Eske oumenm oswa nenpòt moun lakay ou nan lame?

☐ Wi (☐ Sèvis Aktif ☐ Gad Nasyonal/Rezèv) ☐ Non

Eske yo te janm jwenn ou koupab nan fwod gadri pou timoun? ☐ Wi ☐ Non

9. Pale nou de moun lakay ou ki gen 60 oswa plis lane. Si w pa gen okenn moun lakay ou ki gen laj sa, ou ka sote seksyon sa a.

Eske gen moun ki gen 60 lane oswa plis? ☐ Wi ☐ Non

Si repons la se wi, reponn kesyon yo nan seksyon sa a. Si repons la se non, tanpri sote epi ale nan seksyon 10.

Eske moun sa a/yo ap resevwa prestasyon pou andikap? ☐ Wi ☐ Non

Si repons la se wi, ki sous prestasyon yo? _____

Eske moun sa a/yo pa kapab prepare repa akòz yon andikap? ☐ Wi ☐ Non

Si w te reponn "Wi" nan twa dènye kesyon yo, èske moun sa a/yo swete resevwa SNAP separe pa rapò ak lòt moun w ap viv ak yo a?

☐ Wi ☐ Non

10. Pale nou de finans ou.

Eske oumenm oswa moun lakay ou te resevwa oswa espere resevwa revni mwa sa a? ☐ Wi ☐ Non

Revni vle di tout lajan oumenm ak moun lakay ou resevwa. Sa gen ladann sa w touche nan travay oswa travay ak pwòp tèt ou, pansyon alimantè pou timoun/mari/madanm, prestasyon pou andikap, prestasyon pou retrèt, dedomajman pou aksidan nan travay, konpansasyon pou chomaj, Sekrite Sosyal, SSI, Prestasyon pou Veteran, Ohio Works First, kado lajan nan men patikilye, elatriye.

Si repons la se wi, tanpri ranpli tab ki pi ba a.

Non	Tip revni oswa Non Anplwayè	Chak Kilè ou Resevwa l (chak semèn, chak de (2) semèn, elatriye)	Montan Revni an (anvan taks)	Dènye Dat ou te Resevwa l

Konbyen oumenm oswa moun ki lakay ou yo genyen kòm lajan kach, chèk oswa epay (tankou kont nan bank, vèsman anyèl, aksyon oswa obligasyon)?

Bay pi bon estimasyon w genyen sou total la: \$ _____

Eske oumenm ak moun ki lakay ou yo gen plis pase yon milyon dola an total an lajan kach, chèk oswa epay (tankou kont nan bank, vèsman anyèl, aksyon oswa obligasyon)? ☐ Wi ☐ Non

Eske gen moun lakay ou ki kite yon travay oswa pèdi yon travay nan 60 dènye jou sa yo? ☐ Wi ☐ Non

Si repons la se wi, kiyès? _____ Kilè? _____

Pou ki rezon? _____

Gen yon moun lakay ou ki an grèv travay? ☐ Wi ☐ Non

Si repons la se wi, kiyès? _____

11. Ki depans oumenm ak moun ki lakay ou peye? Koche tout sa ki aplike. Endike montan pou chak depans.

☐ Frè pou swen timoun/moun ki sou kont ou

Montan w estime ou peye chak mwa: \$ _____

☐ Pèman pansyon alimantè alimantè timoun/madanm/mari yo fè pou yon moun ki deyò lakay ou

Montan w estime ou peye chak mwa: \$ _____

☐ Frè medikal pou nenpòt moun ki andikape oswa ki gen 60 lane oswa plis. Sa ki ladann depans tankou frè medikal, preskripsyon, prim asirans sante, transpò pou ale nan randevou medikal oswa lòt sèvis medikal.

Montan w estime ou peye chak mwa: \$ _____

☐ Lwaye, pèman ipotekè, lokasyon teren, enpo fonsye, asirans pwopriyetè, elatriye.

Montan w estime ou peye chak mwa: \$ _____

Eske w peye pou chofaj oswa èkondisyone?

☐ Wi ☐ Non

Sèvis piblik - Tanpri koche sèvis piblik ou peye :

☐ Gaz

☐ Elektrisite

☐ Telefòn

☐ Fatra

☐ Dlo

☐ Egou

☐ Lòt

12. Di nou kisa ki fè w kalifye pou gadri timoun si w aplike pou asistans gadri pou timoun.

Si oumenm oswa moun lakay ou ap travay, ale lekòl oswa patisipe nan yon pwogram fòmasyon, tanpri ranpli tab ki pi ba a. Si w se yon anplwaye, tanpri endike anplwayè aktyèl ou a. Sa gen ladann aktivite endepandan ak ti travay.

Si w bezwen plis espas, mete yon fèy papey separe.

Non Manm Fwaye a	Dat Kòmansel/ Dat Fini	Anplwayè/Lekòl/Enfòmasyon sou Fòmasyon	Orè travay oswa Lekòl (Tanpri koche bwat ki kole ak jou ou travay oswa ale lekòl yo. Aprè sa endike lè ou travay oswa ale lekòl yo nan liy ki koresponn ak sa a, sa vle di 8:30 - 5:30)
		Non	☐ Dimanch _____
		Adrès 1	☐ Lendi _____
		Adrès 2	☐ Madi _____
		Nimewo Telefòn ()	☐ Mèkredi _____
		Non	☐ Jedi _____
		Adrès 1	☐ Vandredi _____
		Adrès 2	☐ Samdi _____
		Nimewo Telefòn ()	☐ Li varye chak semèn
		Non	☐ Dimanch _____
		Adrès 1	☐ Lendi _____
		Adrès 2	☐ Madi _____
		Nimewo Telefòn ()	☐ Mèkredi _____
		Non	☐ Jedi _____
		Adrès 1	☐ Vandredi _____
		Adrès 2	☐ Samdi _____
		Nimewo Telefòn ()	☐ Li varye chak semèn

13. Di nou plis sou timoun ki bezwen gadri a/yo.

Timoun 1

Non Timoun lan(Non, Dezyèm non, Siyati)

Non Jènfi Manman Timoun nan

Vil Timoun nan Fèt

Relasyon I ak Aplikan an

Lang Timoun nan Prefere Pale

Eske timoun nan se yon sitwayen Etazini oswa yon etranje kalifye?

☐ Wi ☐ Non

Ou dwe bay verifikasyon pou w ka resevwa gadri pou timoun.

Bezwen Timoun nan:

Eske timoun nan bezwen pwoteksyon pou timoun?

☐ Wi ☐ Non

Si repons la se wi, èske gen yon plan pou dosye a?

☐ Wi ☐ Non

Eske timoun nan enskri nan Head Start?

☐ Wi ☐ Non

Si repons la se wi, ki orè timoun nan?

Sòti _____ rive _____

Jou/Lè pou gadri li bezwen ☐ Dimanch Sòti _____ rive _____ ☐ Lendi Sòti _____ rive _____ ☐ Madi Sòti _____ rive _____ ☐ Mèkredi Sòti _____ rive _____ ☐ Jedi Sòti _____ rive _____ ☐ Vandredi Sòti _____ rive _____ ☐ Samdi Sòti _____ rive _____		Non Founisè a		
		Adrès Founisè a		
		Vil	Eta	Kòd Postal
Èske timoun ou an bezwen gadri pou timoun ak bezwen espesyal selon definisyon sa a? Yo rele "gadri pou timoun ki gen bezwen espesyal", sèvis gadri yo bay ak timoun ki gen mwens pase dizuit (18) lane epi ki souffri youn oswa plizyè maladi kwonik oswa ki pa atenn sa yo atann selon laj li nan youn oswa plizyè domèn devlopman, sa gen ladann devlopman sosyal, emosyonèl, koyitif, kominikatif, pèseptif, motè, fizik ak konpòtmantal epi ki ka gen ladann sou yon baz regilye sèvis tankou adaptasyon, modifikasyon oswa ajisteman ki nesèsè pou ede fonksyon oswa devlopman timoun nan. ☐ Wi ☐ Non Tanpri deklare:				
Timoun 2				
Non Timoun lan(Non, Dezyèm non, Siyati)		Non Jènfi Manman Timoun nan		
Vil Timoun nan Fèt	Relasyon l ak Aplikan an	Lang Timoun nan Prefere Pale		
Eske timoun nan se yon sitwayen Etazini oswa yon etranje kalifye? ☐ Wi ☐ Non Ou dwe bay verifikasyon pou w ka resevwa gadri pou timoun.		Bezwen Timoun nan Eske timoun nan bezwen pwoteksyon pou timoun? ☐ Wi ☐ Non Si repons la se wi, èske gen yon plan pou ka a? ☐ Wi ☐ Non Eske timoun nan enskri nan Head Start? ☐ Wi ☐ Non Si repons la se wi, ki orè timoun nan? Sòti _____ rive _____		
Jou/Lè pou gadri li bezwen ☐ Dimanch Sòti _____ rive _____ ☐ Lendi Sòti _____ rive _____ ☐ Madi Sòti _____ rive _____ ☐ Mèkredi Sòti _____ rive _____ ☐ Jedi Sòti _____ rive _____ ☐ Vandredi Sòti _____ rive _____ ☐ Samdi Sòti _____ rive _____		Non Founisè a Adrès Founisè a Vil Eta Kòd Postal		
Èske timoun ou an bezwen gadri pou timoun ak bezwen espesyal selon definisyon sa a? Yo rele "gadri pou timoun ki gen bezwen espesyal", sèvis gadri yo bay ak timoun ki gen mwens pase dizwit (18) lane epi ki souffri youn oswa plizyè maladi kwonik oswa ki pa atenn sa yo atann selon laj li nan youn oswa plizyè domèn devlopman, sa gen ladann devlopman sosyal, emosyonèl, mantal, kominikatif, pèseptif, motè, fizik ak konpòtmantal epi ki ka gen ladann sou yon baz regilye sèvis tankou adaptasyon, modifikasyon oswa ajisteman ki nesèsè pou ede fonksyon oswa devlopman timoun nan. ☐ Wi ☐ Non Tanpri deklare:				

Timoun 3

Non Timoun lan(<i>Non, Dezyèm non, Siyati</i>)		Non Jènfi Manman Timoun nan	
Vil Timoun nan Fèt	Relasyon l ak Aplikan an	Lang Timoun nan Prefere Pale	
Eske timoun nan se yon sitwayen Etazini oswa yon etranje kalifye? ☐ Wi ☐ Non Ou dwe bay verifikasyon pou w ka resevwa gadri pou timoun.		Bezwen Timoun nan: Eske timoun nan bezwen pwoteksyon pou timoun? ☐ Wi ☐ Non Si repons la se wi, èske gen yon plan pou dosye a? ☐ Wi ☐ Non Eske timoun nan enskri nan Head Start? ☐ Wi ☐ Non Si repons la se wi, ki orè timoun nan? Sòti _____ rive _____	
Jou/Lè pou gadri li bezwen ☐ Dimanch Sòti _____ rive _____ ☐ Lendi Sòti _____ rive _____ ☐ Madi Sòti _____ rive _____ ☐ Mèkredi Sòti _____ rive _____ ☐ Jedi Sòti _____ rive _____ ☐ Vandredi Sòti _____ rive _____ ☐ Samdi Sòti _____ rive _____		Non Founisè a Adrès Founisè a Vil Eta Kòd Postal	
Èske timoun ou an bezwen gadri pou timoun ak bezwen espesyal selon definisyon sa a? Yo rele "gadri pou timoun ki gen bezwen espesyal", sèvis gadri yo bay ak timoun ki gen mwens pase dizwit (18) lane epi ki soufri youn oswa plizyè maladi kwonik oswa ki pa atenn sa yo atann selon laj li nan youn oswa plizyè domèn devlopman, sa gen ladann devlopman sosyal, emosyonèl, mantal, kominikatif, pèsèptif, motè, fizik ak konpòtmantal epi ki ka gen ladann sou yon baz regilye sèvis tankou adaptasyon, modifikasyon oswa ajisteman ki nesèsè pou ede fonksyon oswa devlopman timoun nan. ☐ Wi ☐ Non Tanpri deklare:			

Timoun 4

Non Timoun lan(<i>Non, Dezyèm non, Siyati</i>)		Non Jènfi Manman Timoun nan	
Vil Timoun nan Fèt	Relasyon l ak Aplikan an	Lang Timoun nan Prefere Pale	
Eske timoun nan se yon sitwayen Etazini oswa yon etranje kalifye? ☐ Wi ☐ Non Ou dwe bay verifikasyon pou w ka resevwa gadri pou timoun.		Bezwen Timoun nan: Eske timoun nan bezwen pwoteksyon pou timoun? ☐ Wi ☐ Non Si repons la se wi, èske gen yon plan pou dosye a? ☐ Wi ☐ Non Eske timoun nan enskri nan Head Start? ☐ Wi ☐ Non Si repons la se wi, ki orè timoun nan? Sòti _____ rive _____	
Jou/Lè pou gadri li bezwen ☐ Dimanch Sòti _____ rive _____ ☐ Lendi Sòti _____ rive _____ ☐ Madi Sòti _____ rive _____ ☐ Mèkredi Sòti _____ rive _____ ☐ Jedi Sòti _____ rive _____ ☐ Vandredi Sòti _____ rive _____ ☐ Samdi Sòti _____ rive _____		Non Founisè a Adrès Founisè a Vil Eta Kòd Postal	
Èske timoun ou an bezwen gadri pou timoun ak bezwen espesyal selon definisyon sa a? Yo rele "gadri pou timoun ki gen bezwen espesyal", sèvis gadri yo bay ak timoun ki gen mwens pase dizwit (18) lane epi ki soufri youn oswa plizyè maladi kwonik oswa ki pa atenn sa yo atann selon laj li nan youn oswa plizyè domèn devlopman, sa gen ladann devlopman sosyal, emosyonèl, koyitif, kominikatif, pèsèptif, motè, fizik ak konpòtmantal epi ki ka gen ladann sou yon baz regilye sèvis tankou adaptasyon, modifikasyon oswa ajisteman ki nesèsè pou ede fonksyon oswa devlopman timoun nan. ☐ Wi ☐ Non Tanpri deklare:			

14. Pale nou sou frekantasyon timoun lan/yo ki bezwen swen an.

Si gen nenpòt timoun ki nan oswa ki pral nan Jadendanfan oswa pi wo, seksyon sa a dwe ranpli.

Non Timoun lan	Klas li ye kounya	Non ak Adrès Lekòl la	Lè Lekòl (<i>pa egzanp 8 am - 3 pm</i>)	Orè Jadendanfan	Lè Ane Lekòl la kòmanse ak Lè li Fini
				☐ AM ☐ PM ☐ Tout Jounen	
				☐ AM ☐ PM ☐ Tout Jounen	
				☐ AM ☐ PM ☐ Tout Jounen	

15. Siyati moun ki ranpli aplikasyon sa a

Lè m siyen aplikasyon sa a:

- Mwen konprann kesyon ki nan fòmilè sa a epi sètifye, sou risk sanksyon pou fo temwayaj, tout repons mwen yo kòrèk epi konplè selon sa mwen konnen, sa gen ladann enfòmasyon sou sitwayènte oswa estati etranje chak manm fwaye a ki aplike pou asistans.
- Mwen deklare sou pèn sanksyon pou fo temwayaj mwen divilge tout vèsman anyèl ak lòt dispozitif finansye kote mwen ak/oswa konjwen mwen gen enterè.
- Mwen konprann epi dakò pou bay dokiman ki pwouve sa m sot di yo.
- Mwen konprann epi dakò biwo JFS konte a ka kontakte lòt moun oswa òganizasyon pou jwenn prèv nesesè pou elijibilite ak nivo asistans.
- Mwen konprann lè m siyen aplikasyon sa a ak resevwa Ohio Works First, mwen bay Eta Ohio tout dwa sou pansyon alimantè pou timoun/konjwen ki pou mwen ak/oswa pou minè nan gwoup asistans la pandan peryòd elijibilite Ohio Works First la.
- Mwen konprann lè mwen siyen aplikasyon sa a epi resevwa Medicaid, mwen bay Eta Ohio tout dwa sou sipò medikal ak tout dwa sou pèman yon tyès ki responsab pou asistans medikal ki pou mwen ak/oswa minè nan gwoup asistans la pandan peryòd elijibilite Medicaid la.
- Mwen konprann Depatman Ohio pou Medicaid (Ohio Department of Medicaid) ap verifye repons mwen yo lè yo itilize enfòmasyon ki sòti nan done nan òdinatè, sa gen ladann Sèvis Revni Entèn (Internal Revenue Service (IRS)), Administrasyon Sekirite Sosyal (Social Security Administration (SSA)), Depatman Sekirite Enteryè (Department of Homeland Security (DHS)), ak lòt. Si enfòmasyon yo pa koresponn, Depatman Ohio Pou Medicaid ka mande m pou m voye plis enfòmasyon.
- Mwen konprann Depatman Ohio pou Medicaid ap jwenn enfòmasyon sou resous finansye mwen nan men bank, inyon kredi oswa lòt enstitisyon finansye yon fason pou detèmine elijibilite m pou asistans medikal. Otorizasyon pou jwenn enfòmasyon sa yo rete anvigè jiska:
 - Yo refize aplikasyon m nan pou asistans medikal; oswa
 - Elijibilite m pou asistans medikal fini; oswa
 - Mwen enfòm Depatman Ohio pou Medicaid alekri mwen swete mete fen nan otorizasyon m nan.
- Si mwen refize otorize Depatman Ohio pou Medicaid pou jwenn enfòmasyon sou mwen nan men enstitisyon finansye oswa mwen decide mete fen nan otorizasyon mwen an, mwen konprann yo ka refize oswa kanpe asistans medikal mwen an.
- Mwen konprann si yo mete m nan mezon retrèt pou tout tan oswa m gen 55 lane oswa plis lè mwen resevwa prestasyon Medicaid, aprè lanmò mwen Pwogram Rekouvremant Byen (Estate Recovery Program) pral chèche rekipere pèman Medicaid te fè pou peye pou swen mwen nan byen mwen yo. Frè swen mwen ka gen ladann frè kapitasyon Medicaid peye pou plan swen jere mwen an, menmsi pèman kapitasyon an ta pi plis pase frè sèvis mwen resevwa van reyaltite a.
- Mwen konprann yo ka mande m pou m kolabore ak ajans ki responsab pou pansyon alimantè pou timoun nan tabli patènite oswa nan tabli yon òdonans pansyon alimantè. Si yo mande m pou m kolabore ak ajans ki responsab pansyon alimantè pou timoun, y ap soumèt yon referans bay ajans la nan non m. Epitou, m konprann si yo pa mande m pou m kolabore ak ajans ki responsab pou pansyon alimantè pou timoun, mwen ka mande sèvis pansyon alimantè pou timoun, m ap ranpli JFS 07076 "Aplikasyon pou Sèvis Sipò pou timoun" (Application for Child Support Services).
- Mwen konprann nan kèk ka, yo ka mandem pou m bay konsantman m ak biwo JFS konte a pou l fè nenpòt kontak ki nesesè pou detèmine elijibilite m.
- Mwen konprann si mwen resevwa asistans lajan kach sou kat pèman elektwonik la, mwen dwe aktive kat mwen an nan lespas 90 jou sòti nan lè yo ban m prestasyon m yo ak premye kat mwen an. Si kat pèman elektwonik la pa aktive nan 90 jou, y ap retire prestasyon m yo sou kont mwen an.
- Mwen konprann lalwa bay sanksyon amand oswa prizon, oswa tou de, pou tout moun ki koupab paske li t ap resevwa asistans li pandan li pa t elijib pou sa.
- Lè m siyen epi soumèt aplikasyon sa, mwen rekonèt epi dakò biwo JFS konte ansanm ak ODJFS kapab pataje kèk detay sou estati aplikasyon m ak founisè swen pou timoun ki liste nan seksyon 13 nan aplikasyon sa a, epi nenpòt amanman ki asosye ak li epi ak founisè swen pou timoun mwen otorize pou resevwa enfòmasyon sou aplikasyon m nan.
- Mwen konprann siyati m anba a bay biwo JFS konte a pèmision pou l gen aksè ak enfòmasyon ki disponib nan Sistèm Swivi pou Egzekisyon obligasyon Alimantè (Support Enforcement Tracking System, SETS) pou verifye revni m an rapò ak sipò pou pitit mwen / madanm/mari m ak swen medikal. Epitou, siyati m bay konsantman pou bay yon idantifyan elèv sistèm lan jenere onivo eta a (system generated statewide student identifier, SSID) pou chak timoun ki liste nan seksyon 13 aplikasyon sa a.
- Siyati m anba a bay konsantman epi otorize biwo JFS konte a pou l aksede ak Pòtay Prestasyon Travayè Ohio a (Ohio Benefits Worker Portal) ak objektif pou verifye estati sitwayènte timoun yo nan ka sa a epi pou verifikasyon resi asistans piblik adisyonèl. Mwen ka retire otorizasyon sa nenpòt lè, pou sa map notifiye biwo JFS konte alekri.
- Mwen konprann mwen pral kapab itilize prestasyon sèvis gadri leta finanse sèlman pou timoun ki elijib epi sèlman jiska yon maksimòm èdtan biwo JFS konte a otorize. Pou rete elijib pou prestasyon sèvis gadri leta finanse, se mwen ki dwe peye founisè a kopèman ki nesesè a (si sa aplikab). Si m pa peye kopèman ki nesesè a, sa kapab lakòz yo mete fen nan prestasyon sèvis gadri leta finanse.

- Mwen konprann mwen dwe siyale nenpòt chanjman ki afekte elijibilite m devan biwo JFS konte a, ki gen ladann chanjman nan revni fanmi an, lè travay/fòmasyon/edikasyon, gwo fanmi an epi adrès.
- Mwen konprann mwen dwe siyale chanjman yo nan 10 jou aprè yo fin fèt pou sipò pou timoun.
- Mwen konprann si yo apwouve m pou sipò timoun, m ap responsab pou byen anrejiste asistans pitit mwen nan pwogram swen pou timoun nan, pou sa m ap itilize yon sistèm swivi otomatize pou asistans. Sa gen ladann enskri sou sistèm nan epi kreye enfòmasyon idantifikasyon pèsonèl m pral itilize pou aksede ak sistèm nan epi pou itilize kòm siyati elektwonik mwen. Mwen konprann founisè sipò pou pitit mwen an pa gen pèmasyon pou anrejiste asistans pitit mwen nan non m, epi li ka pa gen aksè ak enfòmasyon idantifikasyon pèsonèl mwen. Mwen konprann sistèm swivi asistans lan kapab pran foto m oswa foto moun ki deziyen/esponsò kòm pati pwosesis konekte ak dekonecte a. Mwen konprann mwen responsab pou apwouve nenpòt chanjman founisè mwen an fè nan sistèm swivi asistans lan an rapò ak asistans pitit mwen an nan pwogram nan.
- Mwen konprann si pitit mwen an patisipe nan yon pwogram Step Up To Quality evalye, epi si yo ranpli yon evalyasyon sou pitit mwen an, y ap kolekte done yo epi rapòte yo bay ODJFS.
- Mwen te resevwa eksplikasyon sou kondisyon pou detèmine elijibilite pou swen pou timoun, rezon ki fè m ka pa elijib, dwa m pou asiste ak yon odyans leta, responsablite m pou rapòte chanjman bay biwo JFS konte a ansanm ak sanksyon, ki gen ladann aksyon sivil posib oswa pousuit kriminel, pou disimilasyon oswa falsifikasyon entansyonèl enfòmasyon oswa mal itilize prestasyon pou sipò pou timoun, ki gen ladann mal itilize sistèm swivi otomatize pou asistans timoun lan.

Siyati Aplikan an oswa Reprezantan Otorize a	Si se yon Reprezantan Otorize, Relasyon I ak Aplikan an	Dat

16. Retounen aplikasyon sa bay biwo JFS konte lokal ou a.

Pou chèche biwo konte w la, ale sou http://jfs.ohio.gov/County/County_Directory.pdf

Dwa sivil ou yo

Dapre lwa sou dwa sivil federal ak règleman ak politik Depatman Agrikilti Ameriken (USDA), enstitisyon sa a entèdi pou fè diskriminasyon sou baz ras, koulè, orijin nasyonal, sèks (ki gen ladan idantite sèks ak oryantasyon seksyèl), kwayans relijye, andikap, laj, kwayans politik, oswa reprezay oswa revanj pou aktivite anvan dwa sivil yo.

Yo kapab mete enfòmasyon sou pwogram yo disponib nan lòt lang ki pa Angle. Moun ki gen andikap ki bezwen lòt mwayen komunikasyon pou jwenn enfòmasyon sou pwogram yo (pa egzanp, Bray, gwo lèt, kasèt odyo, Lang siy Ameriken), ta dwe kontakte ajans (eta oswa lokal) kote yo te aplike pou avantaj yo. Moun ki soud, ki mal pou tande oswa ki gen andikap pou pale kapab kontakte USDA atravè Sèvis Relay Federal la nan (800) 877-8339.

Pou depoze yon plent pou diskriminasyon nan pwogram lan, yon moun k ap pote plent ta dwe ranpli yon Fòm AD-3027, Ou kapab jwen yon Fòmilè pou Plent sou Diskriminasyon nan Pwogram USDA a sou Entènèt nan: <https://www.fns.usda.gov/sites/default/files/resource-files/ad3027-haitian-creole.pdf>, nan nenpòt biwo USDA, lè w rele (833) 620-1071, oswa lè w ekri yon lèt ki adrese bay USDA. Lèt la dwe genyen non moun k ap pote plent lan, adrès, nimewo telefòn, ak yon deskripsyon alekri sou swadizan aksyon diskriminatwa a ak ase detay pou enfòmasyon Asistan Sekretè Dwa Sivil la (ASCR) sou nati ak dat yon swadizan vyolasyon dwa sivil la. Ou dwe soumèt fòm oswa lèt AD-3027 ki ranpli a:

- pa lapòs:**
Food and Nutrition Service, USDA
1320 Braddock Place, Room 334
Alexandria, VA 22314; oswa
- faks:**
(833)-256-1665 oswa (202)-690-7442; oswa
- imèl:**
FNSCIVILRIGHTSCOMPLAINTS@usda.gov

This institution is an equal opportunity provider.

Pou ranpli yon plent devan Ohio Department of Job and Family Services (ODJFS) ekri: ODJFS, Biwo dwa sivil (Bureau of Civil Rights), 30 E. Broad St., 30th Floor, Columbus, OH 43215 oswa pa faks nan (614) 752-6381; oswa rele (614) 644-2703 (voice), (866) 227-6353 (toll free), oswa (866) 221-6700 (TTY).

-- YO KITE PAJ SA A BLANCH ENTANSYONÈLMAN. --